



PWOBLÈM TIMOUN YO NAN DOMÈN LEDIKASYON,
WIDSON CHERILUS , NSIII,
INSTITUTION MIXTE CHERILUS WILGUENS



PREMYE EDISYON KONKOU PWEZI
DEZYÈM LOREYA , SEGONDÈ

*Ledikasyon se sèl sa paran yo ka bay tchovi yo kòm byen,
Pou yo pa graspiye nan dwòg ak kleren demen.
An verite, li se sèl kle siksè sou la tè.
Tout sa ki kapab karaterize yo kòm senyè.*

*Pwoblèm tchovi yo nan domèn ledikasyon se konsyans,
Se bon sans, nan yon sans m kapab di se koriptè yo ki san sans.
Se sa ki te pouse Tijinyò, Matisan, rantrè a setan nan bandi.
Jan yo souvan di Gou si yon fwi soti nan bòk li.*

*Pwoblèm nan se twòp dirijan iresponsab ki rann ledikasyon n san savè.
Makonnen ak delenkans ki vin ba l gou savon.
Ledikasyon tchovi yo pran kou, depi nan sous pase larivyè jouk rive nan lanmè.
Abandon liv nan lojik bwakale antrene timoun yo nan sa k pa bon*

*Ledikasyon tchovi yo boule, pa menm ret sann.
Anfèt, li fèt nan twòp kraze bèt san konprann.
Konprann an kreyòl fòse kraze bèt an franse.
Pwoblèm tchovi yo nan domèn ledikasyon, se twòp dirijan k ap ranse.*

*Nan domèn ledikasyon,
pwoblèm tchovi yo trè tris.
Pwoblèm sa deja nan kè n, li grave anpil sikatris.
Se liv plis chanjman Leta k ap ban nou yon bon solisyon*

